

Pa Prezidan Dieter F. Uchtdorf
Dezyèm Konseye nan Premye Prezidans lan



Ansèkle nan bra lanmou li

Tankou anpil lòt moun, mwen souvan santi m'enspire pa bèl travay atistik ak mizik. Youn nan okazyon sa yo sete lè m te kanpe devan yon bèl tablo atis Danwa Frans Schwarz la ki rele *The Agony in the Garden (Agoni nan Jaden an)*.¹

Tablo doulourezman bèl sa a dekri Sovè a ki ajenou nan Jaden Jetsemani an. Pandan l ap priye, yon zanj kanpe bò kote li, li ansèkle l nan bra lanmou li, pou ofri l rekonfò, sekou selès ak sipò.

Plis mwen kontanple tablo sa a, se plis kè m ak lespri m gonfle anba santiman tandrès ak rekonesans ineksprimab. M ka santi, nan yon ti sans, kisa sa te dwe ye pou w prezan lè Sovè a te kòmanse gwo travay final li nan mòtalite a pou pran peche mond lan sou tèt li a. Mwen emèveye pou amou ak konpasyon enfini Papa a genyen pou pitit li yo. Mwen anvayi ak gratitud pwofon pou sa Pitit Gason san peche sa a te fè pou tout limanite a ak pou mwen an.

Sakrifis Pitit Gason Bondye a

Chak ane nan epòk sa a, nou komemore ak medite sou sakrifis Jezikri te fè pou tout limanite a.

Sa Sovè a te fè soti Jetsemani pou rive nan Gòlgota a pou nou an depase kapasite m pou m konprann. Li te pran fado peche nou yo sou tèt li epi li te peye yon ranson etènèl ak obligatwa non sèlman pou transgresyon orijinal Adan an men pou peche ak transgresyon dè bilyon sou bilyon moun

ki te janm viv. Sakrifis sakre ak etènèl sa a te lakoz ke “li-menm Bondye, ki pi gran pase tout moun nan, tranble anba doulè, epi ki te fè l senyen nan chak twou swè nan kò li, epi ki te fè l souffri nan ni kò ni lespri” (D&A 19:18).

Li te souffri pou mwen.

Li te souffri pou ou.

Nanm mwen anvayi ak rekonesans lè m kontanple siyifikasyon presye sakrifis sa a. Sa rann mwen enb pou m konnen ke tout moun ki aksepte kado sa a epi ki lage kè yo ba li kapab jwenn padon ak pwòpte anba peche yo, kèlkeswa gwosè peche yo ak fado yo.

Nou ka vin san tach ak pwòp ankò. Nou ka rachte pa sakrifis etènèl Sovè byeneme nou an.

Kiyès k ap rekonfòte nou?

Malgre ke youn nan nou pap janm konnen pwofondè sa Senyè nou an te souffri a, nou chak ap gen pwòp lè fè-nwa ak soufrans pa nou—tan kote doulè nou ak soufrans nou ka parèt pi gran pase sa nou ka sipòte. Ap gen lè kote pwa ak remò peche nou yo pral peze sou nou san rete.

Malgre sa, si nou leve kè nou bay Senyè a pandan moman sa yo, se sèten ke l ap konnen e l ap konprann. Li menm ki te souffri sitèlman pou nou nan jaden an ak sou kwa a pap kite nou san konsolasyon kounyeya. L ap fòtifye nou, ankouraje nou, ak beni nou. L ap ansèkle nou nan bran lanmou li.

L ap plis pase yon zanj pou nou.

L ap pote benediksyon rekonfò, gerizon, lespwa, ak padon pou nou.

Paske li se Redanmtè nou.

Liberatè nou.

Sovè mizèrikòdye nou ak Bondye beni nou an.

NÒT

1. Pè ki te pale nan antèman Frans Schwarz la te di: "travay atistik li te divinanman dote e te sanble pi puisan pase yon diskou" (Emmilie Buchanan-Whitlock, "History of Artists' Lives Gives Greater Context for Exhibit," *Deseret News*, Sept. 29, 2013, deseretnews.com).

ANSÈYMAN NAN MESAJ SA A

Anvan ou anseye, chèche gidans Lespri a pou ede ou konprann bezwen espesifik moun w ap anseye yo. Pandan w ap pataje kèk pasaj nan mesaj Prezidan Uchtdorf la, rann temwayaj ou sou Sovè a ak sou sakrifis redanmtè l la. Panse pou w mande moun w ap anseye yo kisa Ekspyasyon an vledi pou yo ak kijan yo konn santi rekonfò Senyè a nan "moman fènwa ak amètım yo."

JÈN YO

Laviktwa atravè Jezikri

Non kache

Mgen yon pwoblèm manje twòp. Manje tout tan san rete m nan abouti nan yon gwo mas kilpablite, fristrasyon, ak deseasyon. M santi m si fèb lè m ap eseye simonte pwoblèm mwen an.

Pandan yon bon bout tan m te neglije lefèt ke Ekspyasyon Sovè a non sèlman sove nou men rachte nou ak pèfeksyone nou tou, epi sa menm aplike pou move abitud manje twòp mwen an tou.

Mwen te deside pou m te lage tèt mwen bay Sovè a. M te priye. M te onètman admèt feblès mwen an ak bezwen lagras mwen an, epi apres a m te mande Pè Selès la pou l te beni m avèk asistans divin ni nan jou apre a. Jou swa sa a m te santi asirans yon Papa eman ki te fè m konnen li te gen gwo dezi pou ede pitit gason l lan ak yon pouvwa endiskitab pou akonpli volonte li.

Depi jou swa sa a, manje pa gen menm enfliyans depasan an sou mwen ankò. Mwen konnen Jezikri se rezon siksè m nan. Menmjan ak Pòl, m ap aprann ke "M ka fè tout bagay gras ak Kris ki fòtifye mwen" (Filip 4:13). Epi, m ap eseye pou m pa janm bliye yon lòt leson Pòl te bay: "Remèsiman pou Bondye, ki ba nou laviktwa atravè Senyè nou an, Jezikri" (1 Korentyen 15:57).

TIMOUN YO

Sovè a ap rekonfòte nou

Poze yon manm fanmi oubyen yon zanmi kesyon sou yon lè kote l te santi Sovè a rekonfòte li. Eseye panse ak yon lè kote Sovè a te rekonfòte ou. Ou gen dwa desine yon foto sou eksperyans lan epi kwoke li bò kabann ou pou raple w ke Jezikri ap toujou la pou rekonfòte ou.



Lafwa, Fanmi, Sekou

Karakteristik Jezikri: Pèseverans ak pasyans

Etidye materyèl sa a nan lapriyè epi chèche konn kisa pou nou pataje. Nan ki fason konprann lavi ak misyon Sovè a ogmante lafwa nou nan li epi beni moun n ap veye sou yo atravè vizit nan fwaye a? Pou plis enfòmasyon ale nan .Pou plis enfòmasyon, ale nan reliefsociety.lds.org.

Sa se yon pati nan yon seri mesaj vizit nan fwaye ki montre kalite Sovè a.

Yo toujou konsidere pasyans kòm yon karakteristik pasif byen trankil, men, jan Prezidan Dieter F. Uchtdorf, Dezyèm Konseye nan Premye Prezidans lan, te di: “Pasyans se pa yon reziyasyon pasif, ni se pa yon inaksyon ki koze pa laperèz nou yo. Pasyans vledi tann epi pèsevere nan yon fason aktif. Sa vledi akwoche ak yon bagay . . . menm lè nou pa resevwa sa kè nou dezire a tousuit. Pasyans se pa senpleman pèsevere; men se byen pèsevere!”

Nan lavi premòtèl la, Pè Selès la te prepare yon plan pou nou menm—pitit lespri l yo—epi nou te pouse kri lajwa pou opòtinite sa a pou nou te vin sou tè a (gade Jòb 38:7). Si nou chwazi pou soumèt volonte nou anba volonte pa li pandan lavi nou sou tè a, l ap “fè [nou] sèvi kòm zouti nan men [li] pou nou kapab sove anpil nanm” (Alma 17:11).

Prezidan Uchtdorf kontinye: Pasyans vledi aksepte sa nou pa kapab

chanje epi fè fas avèk kouraj, gras, ak lafwa. Sa vledi ‘dispoze pou soumèt nou bay tout bagay Senyè a jije nesèsè pou fè [nou] andire, menm jan yon timoun soumèt a papa l’ [Mozya 3:19]. Finalman, pasyans vledi rete ‘fèm epi tennfas epi djanm nan respekte kòmandman Senyè a’ [1 Nefi 2:10] chak èdtan nan chak jou, menm lè sa difisil pou nou fè.”¹

Ekriti adisyonèl

Som 40:1; Galat 5:22–23;
2 Pyè 1:6; Alma 17:11

Nan Ekriti yo

Ekriti yo di nou ke nan lavi terès la, nou dwe “gen pasyans nan aflikasyon yo, paske [n ap gen] anpil.” Apresa, Bondye ba nou pwomès rekonfòtan sa a: “Pèsevere ladan yo, paske, gade, m avèk ou, menm jiska lafen vi ou” (D&A 24:8).

Istwa sa a nan Bib la se yon egzanzp sou pasyans ak lafwa.

“Te gen yon fi nan foul moun yo ki te malad: depi douzan li t ap pèdi san . . . li te manyen ke rad [Kris la]:

epi latou, san an te [rete].

“Epi Jezi te di, . . . Gen yon moun ki manyen m: paske mwen santi yon fòs soti nan mwen.

“Lè sa a, fi a wè yo te dekouvri l, li pran tranble, li vin lage kò l nan pye Jezi, li pran rakonte devan tout pèp la poukisa li te manyen l lan, kijan li te geri menm lè a.

“Epi Jezi te di li: Mafi, se lafwa ou nan Bondye ki geri ou; ale ak kè poze” (Lik 8:43–48).

Menmjan avèk li, nou ka jwenn benediksyon ak rekonfò, e menm gerizon, si nou lonje lamèn bay Jezikri—Ekspyasyon l lan kapab geri nou.

NÒT

1. Dieter F. Uchtdorf, “Continue in Patience,” *Liahona*, Me 2010, 57, 59.

Panse sou sa

Nan resi ki nan Lik 8 la, kijan pil ane pasyans fi sa a ak lafwa li nan Jezikri te rekonpanse?